



Pou Piblikasyon Imedya: 27/11/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ADMINISTRASYON TI BIZNIS ETAZINI AN PRAL OFRI ASISTANS FEDERAL POU REZIDAN AK BIZNIS YO NAN LONG ISLAND KE INONDASYON NAN DAT 18-19 OUT 2024 LA TE AFEKTE**

*Pwopriyetè kay, rezidan ak biznis nan Konte Suffolk ak Nassau ka aplike pou prè ak enterè ki ba Administrasyon Ti Biznis Etazini an*

*Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta ak Ofisyèl Konte yo te fè evalyasyon domaj preliminè pou jwenn asistans pou zòn ki afekte yo apre gwo evènman metewolojik la*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a asistans federal disponib pou Nouyòkè yo nan Konte Suffolk ak Nassau ki te afekte nan move tan 18-19 out 2024 la. Pwopriyetè kay yo, lokatè yo ak biznis yo kounye a elijib pou aplike pou prè ak enterè ki ba Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration, SBA) Etazini an pou ede nan rekiperasyon anba enpak tanpèt yo ki te lakòz gwo domaj nan kay ak biznis yo.

"Rezidan Long Island yo toujou santi efè move tan an out la, epi ansanm ak patnè federal nou yo, n ap asire kominote yo gen resous yo bezwen pou yo rekipere", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Rezistans fè pati ADN nou antanke Nouyòkè, epi Administrasyon mwen an ap travay avèk dilijans pou bay sipò pou moun ki afekte nan inondasyon sa a."

Pwopriyetè kay, rezidan ak biznis nan konte yo deklare yo elijib kounye a pou prè SBA yo. Prè SBA yo kapab trè itil pou pati ki elijib yo ki bezwen asistans finansyè pou yo pran wout rekiperasyon an apre dezaz ki gen rapò ak move tan ak lòt ijans yo.

Deklarasyon sa a bay prè ak enterè ki ba pou repara/ranplase pwopriyete ki domaje akòz evènman an pou:

- Biznis oswa òganizasyon prive, san bi likratif jiska 2 milyon dola
- Mèt kay ak lokatè yo jiska 100,000 dola (pou repara oswa ranplase byen pèsònèl yo)
- Mèt kay yo jiska 500,000 dola (pou repara oswa retabli kay prensipal yo nan kondisyon anvan katastwòf la)

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta Nouyòk la (New York State Division of Homeland Security and Emergency Services, NYSDHSES), Jackie Bray, te deklare,** "Mèsi Gouvènè Hochul ak patnè federal nou yo paske w ap travay avèk dilijans pou moun Nouyòk yo. Finansman sa a pral ede Nouyòkè yo refè epi rekonstwi apre move tan ete a."

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Gwo lapli out ak inondasyon san parèy te lakòz devastasyon kay ak biznis atravè Long Island. Prè pou katastwòf sa yo se yon sipò pou moun Long Island yo, ki bay sipò enpòtan pou ede yo rekonstwi ak retabli mwayen sibzistan yo. Mwen remèsye SBA paske li ofri asistans enpòtan sa a epi mwen pral kontinye goumen pou asire tout Nouyòkè yo gen tout resous ki disponib pou akselere pwosesis rekiperasyon an apre gwo move tan yo."

Nouyòkè yo ka jwenn plis enfòmasyon, [telechaje aplikasyon yo, epi aplike sou entènèt](#). Yo ka rele Sant Sèvis Kliyan SBA (SBA's Customer Service Center) a tou nan (800) 659-2955 oswa voye yon imèl bay <mailto:disastercustomerservice@sba.gov>. Lokal pou asistans an pèsòn ak aplikasyon yo pral anonse nan jou ki ap vini yo.

Moun ki soud, ki mal pou tande, oswa ki gen yon andikap pou pale, kapab rele 7-1-1 pou jwenn aksè nan sèvis relè telekomunikasyon yo.

Dat limit pou ranpli aplikasyon pou retounen aplikasyon pou domaj fizik pwopriyete a se 27 janvyè 2025. Dat limit pou retounen aplikasyon pou aksidan ekonomik se 26 janvyè 2025.

### **Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans**

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan ofri direksyon, kowòdinasyon ak soutyen nan efò y ap fè pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis, katastwòf natirèl, menas, ensandi ak lòt ijans. Pou plis enfòmasyon, vizite NYSDHSES sou Facebook, X, Instagram, ak LinkedIn, epi vizite [dhses.ny.gov](https://www.dhses.ny.gov).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](https://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)